bu ngeen déggee woote gi nangeen wax lu mel ni li noddkat bi di wax

Jële na ñu ci Abii Sahiid Al-Xudriyu -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «bu ngeen déggee woote gi nangeen wax lu mel ni li noddkat bi di wax».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day soññee ci bu ñu dégge nodd-kat bi ñu koy toppandoo, ci di wax kem li muy wax. Bu kàbbaree nu kàbbar, bu waxee ñaari seede yi, nu wax leen. Dees na ca settee:(hàyya halas salaah, hayya halal falaah)foofu dañuy wax ci ginnaawam : laa hawla wa laa xuwwata illaa bil Laahi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3013